



RAGAD ADVERTENTIE:
 Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.—
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris; (apes: f 1,25).
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:
 A. DJAJASEPOETRA.
 kabantoe
 REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.



REGINPOEN LENGGANAN
 SWARA TAMA
 1 taoen f 6,— } njoewoen kabajar
 1/2 f 3,— } roemijin.
 3 woelan f 1,50 }

Adrèsipoen Redactie lan Administratie
 IGNATIUS-COLLEGE
 DJOKJAKARTA.
 Telefoon no. 795.



Drukkerij „Canisius” Djokja.

ISINIPOEN:

Nawala — Balé agoeng — Kadamel ndjangkepi — Film goegon-toehon — Sesorahipoen R.T.Mr. Wangsanagara — Dedasar lan toedjoening kawroeh — Saking pakempalan — Ontjèn sekar gambir melati — Oerapsari — Correspondentie.

NAWALA SAKING KANGDJENG BISKOP NGREMBAG BAB RADIO.

Antonius Petrus Franciscus van Velsen margasihing Allah lan noegrahaning I. S. Kangdjeng Santo Bapa Biskop titolèr ing Aezani, Vicaris Apostòlèr ing Betawi.

Toemèkaa marang para Pastoer lan sadoeloer Katoelik ing koekoebankoe karahing krana Pangéran.

Para sadoeloer. Ajo pada remboegan sadéla prakara kang perloe banget. Saadjan lajang-lajang kabar Katoelik wis tjoekoep enggoné ndjalèntrehaké, jèn Radio-Omroep ikeo loewih déning perloe toemrap bangsa Katoelik, éwasamono Akoe arep nambahi katrangan satitik engkas.

Pangarsané Nederlandsche Katholieke Radio-Omroep jaikoe Rama Perquin wis taoe ngandikakaké bab Radio-Omroep kanti mentes:

„Akoe kabéh koedoe pada matoer noewoen marang Allah, déné diparingi barang adi kang awoedjoed radio, ja radio ikeo kang njèples pandandikané Santo Paoloes marang sadoeloer ing Roem „Swarané mratani saloemahing boemi lan temboengé tekan wekasaning djagad.” Toemrapé akoe kabéh ing saiki olèh sesanggan rowa: ndikakaké dadi rasol, nganggo tjara anjar lan sarana sing béda karo dèk bijèn-bijèn. Jèn samaoe swarané wong moelang moeng diroengokaké ing wong sidji, jèn toelisane wong ngarang moeng diwatja wong sawatara, saiki pangowasaning Allah kang gaib, sarta doemoenong ana ing kodrat kang ngéram-éramaké, iki kang njebar apa baé kang njata lan apik menjang sakéhing bangsa lan wong maéwoe-éwoe.”

Saja mentes manèh pangandikané Kardinal Faulhader ana ing Katholiekendag kang anjar-anjaran iki ana ing Munster jaikoe nalikané ngandikakaké bab adjining radio manoe wawangan Katoelik:

„Radio ikeo ora ngemoengaké lan mligi tandaning kamadjoeng lan kawasisan tok, nanging bisa oega dadi lidahing Hjang Roh Soetji, lidah kang moeroeb, kang mratakaké kabogahan menjang panggonan kang djembaré ora dinjana-njana ing wong dèk djaman bijèn. Samangsa Akoe wis pada ndoewèni kamardikan bisa ngirimaké kabar radio kaja ing nagara Walanda lan ing Vereenigde Staten, dalasan Biskop, jèn karsa; bandjoer saged paring piwoelang, diroengokaké wong sakabiskopan. Ja pantjèn mangkono, saiki ing djamané wong-wong pada ngoedi prakara agama, sarta ing djamané tjatjahing wong kang dadi rasol margasaha saka anané tandang Katoelik bandjoer tikèl teloe, panemoe² kaja déné radio ikeo toeloeng banget; para rasol noeli prasasat bisa maboer lan swarané bisa kroengoe ing tanah ngendi-endi.”

Para sadoeloer. Jèn ana pakoempoelan Radio Katoelik kang pengpengan, ikeo bandjoer bisa baé teroes andjalari soepaja prajoga pamilihé apa kang bakal dikirimaké nganggo radio, apa manèh bisa marakaké Nirom jèn kekirim, tjoekoep enggoné ngirimaké kang babagan agama.

Moelané Akoe ora tlédor ngandani para sadoeloer, jèn saiki ing Betawi ana Radio-comité Katoelik, kang toemandang arep ngadegaké „Indische - Katholieke - Radio - Omroep-Vereeniging”.

Akoe roemangsa kadjibah tetoe-loeng marang tandangé Radio-Comité ikeo. Bajaran contributie moeng saroepejah ing dalem sataoen, dadi sasasiné doeroeng ana saketip. Kang kaja mangkono ikeo ora ana kang roemangsa wegah.

Nanging bisa oega kelakon ana kang takon „Akoe apa perloené dadi wargané Katholieke Radio-Vereeniging? Akoe ora doewé radio, dadi jèn ana apa-apa metoe radio, akoe ora mèloe ngrasakaké seneng”.

Pitakon ing doewoer ikeo Dakwangsoeli nganggo pitakon: „Apa para sadoeloer nganti kelakon ora gelem toeloeng ngadjokaké babagan Katoelik sarana doewit satitik jaiki saroepejah ing dalem sataoen moeng margasaha ora toemoeli bisa ndjoepok kaentoengané? Kang kaja mangkono ikeo Dakmokalaké. Karo manèh Akoe wani andjagakaké temenan, jèn bisa kelakon, malah akèh oetoe² manawa Katholieke Sociale Bonden lan pakoempoelan-pakoempoelan Katoelik lijané pada toemandang, soepaja ing gedong-gedong kang kanggo koempoelan, para warga-warga kang ora doewé radio ana ing omah, kadang kala bisa mèloe ngrasakaké seneng, jèn ana pakabaran kang betjik metoe radio.

Banget ing pandjaloekkoé, soepaja para sadoeloer kabéh, sidji baé adja ana kang kèri, pada noeroeti pandjaloekkoé iki: dadia wargané pakoempoelan Radio doewéké déwé, pada gelema oeroen-oeroen doewit kaja kang dadi pandjaloekkoé. Jèn mangkono para sadoeloer bakal roemangsa lega, déné margasaha doewit ikeo wis bisa mèloe ngadegaké jejasan saka tandang Katoelik, kang tjoendoek babar pisan karo djamané.

Saka pangarep-arepkoe, moega-moega sakéhing Katholieke Sociale Bonden kanti pantoentoené para Pastoer pada reboet doetjoeng awèh dalem marang wong Katoelik kabéh kang wis diwasané bisané mleboé dadi wargané Indische-Katholieke-Radio-Omroep-Vereeniging.

Betawi, tanggal sapoeloeh Désèmber 1930.

Vicaris Apostòlèr ing Betawi.
 † A. P. F. van Velsen S. J.

PRADJA RAHAJOE.

BALÉ AGOENG.

Toeroenan Pranatanipoen.

(Sambetipoen Sw. Tm. no 50)

Bab 1.

1. Ing karatoningsoen ing Soerakarta ingsoen adégi raad ingaranan, Balé Agoeng, presidènan Balé Agoeng kang kaleboe éwoné warga loemrah: 1 Warga loemrah lijané presidèn 9, pada kang doedoe kawoelané Kangdjeng Goepmèn, sarta warga miroenggan 3.
 2. Presidèné Balé Agoeng sawargané loemrah, ikeo kang netepaké pandjenenganingsoen moepakat lan bala Kangdjeng Toean Gouverneur ing Soerakarta, sarta ingsoen bakal mrasabeni marang bapa Kangdjeng Toean Gouverneur ing Soerakarta soepaja netepaké abdiné Kangdjeng Goepmèn 3, dadi warga miroenggan.
 3. Salah sawidjiné warga loemrah bakal ingsoen patah makili presidèné Balé Agoeng jèn ana preloené, déné pamatah ingsoen ikeo maoe moepakatan bapa Kangdjeng Toean Gouverneur ing Soerakarta.

Bab 2.

Kang kena katetepaké dadi wargané Balé Agoeng ikeo oewong lanang kawoelané pradja ing Nederland kang manggon ing bawah Indija Nederland, kaja kaseboet ing ngisor iki:

a. Kang oemoeré terang oetawa sakira woes tetep 25 taoen.

b. Kang manggon ing bawah gewès Soerakarta.

c. Kang doeroeng taoe nglakoni

paoekoeman toetoe, kadjaba paoekoeman toetoe kang minangka liroené patrapan denda oetawa enggoné nglakoni panerak.

d. Kang ora kasoewak saka enggoné ngerèh oetawa ngowasani dar-bèké déwé, kamot ing karampoengné kakim.

e. Kang ora dilèrèni ora klajan hormat saka pasowitaningsoen, saka pasowitaning Kangdjeng Goeverment, lan saka pasowitaning zelfbestuur sédjé, oetawa saka enggoné ngèngèr marang loka-lerad, raad provincie oetawa babadan selfstandig gemeenschap ing sadjeroning wewengkoning provincie.

Bab 3.

I. Wargané Balé Agoeng tetepé ingsoen wangen 3 taoen teroesan mitoeroet pananggalan Walanda.

II. Lèrèné wargané Balé Agoeng ikeo bebarengan, ananging sanalika kena katetepaké dadi warga manèh.

III. Wargané Balé Agoeng kang ngalih oetawa loeloengan saka ing bawah gewès Soerakarta, kang lawasé nem nasi moepoet oetawa loewih saka samono, ikeo pada dilèrèni.

VI. Wargané Balé Agoeng kang patikelir, ing sawajah-wajahé kena njoewoen lèrèn, panjoe-woené koedoe kamot ing lajang loemahi marang presidèné Balé-Agoeng.

Jèn warga loemrah kang mengko pangkat kaprijajèn njoewoen lèrèn, ikeo kang moetoesi pandjenenganingsoen moepakat lan bapa Kangdjeng Gouverneur ing Soerakarta, déné jèn warga miroengan njoewoen lèrèn, ikeo kang moetoesi bapa Kangdjeng Toean Gouverneur ing Soerakarta.

V. Gegantiné warga kang lèrèn sadoeroengé toetoe wewangéné, ikeo bésoek toetoe wewangen kabener lèrèné kang digentèni, ija koedoe lèrèn.

Bab 4.

I. Warga loemrah kèh-kèhé papat, kadjoepekaké saka poetra santananingsoen kang grad papat sapandoewoeré.

II. Warga loemrah apes-apesé loro kadjoepekaké kang doedoe abdiningsoen, malah sabisa-bisa kadjoepekaké kang doedoe santananingsoen, liré kapilihaké kang doedoe grad papat sapandoewoeré.

Bab 5.

Kang kena katetepaké dadi presidèné Balé Agoeng oetawa wawakilé, ikeo angemoengaké warga loemrah kang mangerti bener marang temboeng Djawa, Walanda lan Malajoe.

Bab 6.

I. Moenggoeh wadjibé Balé Agoeng, ikeo ngremboeng lan ngoendjoekaké panimbang toemrap prakara kaseboet ing ngisor iki:

A. Bab rantaman leboe metoené doewit nagara, kadjaba kagem kaparloewanningsoen oetawa kang kanggo papantjiné poetra santananingsoen.

B. Bab pépétangané doewit kang kamot ing rantaman maoe, kadjaba kang pantjèn ora diwadjabaké pangremboegé.

C. Bab rèng-rèngan pranatan.

D. Bab lija-lijané sakarsaningsoen.

II. Ing poerwakané lajang pranatan, lajang kakantjangan bab netepaké rantaman leboe wetoené doewit nagara maoe, ikeo koedoe disebotaké jèn woes mawa keremboeg karo Balé Agoeng, mangkono oega ing poerwakané lajang poetoesan lija-lijané kang prakarané pantjèn oega karemboeg lan Balé Agoeng.

Bab 7.

Balé Agoeng ingsoen paringi wewenang ngladèkaké pamrajoga kang makolèhi padahé karatoningsoen oetawa kawoelaningsoen, déné loemadiné pamrajoga maoe kondjoek

ing Pandjenenganingsoen, oetawa marang papatih ingsoen.

Bab 8.

1. Jèn ingsoen galih perloe, ikeo Balé Agoeng koedoe bandjoer paprepatan.

2. Balé Agoeng koedoe paprepatan sadjroné koeta Soerakarta, sarta paprepatané kena diroengokaké sadéngah oewong.

3. Manawa ana prasabéné warga apes-apesé teloe, oetawa jèn presidèné mikir perloe ikeo lawang-lawangé papan kang kanggo paprepatan bandjoer koedoe katoetoe, sarta kang dadi remboeg ora kena diroengokaké sadéngah oewong.

4. Bab paprepatané ora kena karoengokaké ing sadéngaha oewong, ikeo paprepatan amoetoesana déwé, déné ing paprepatan kang ora kena karoengokaké ing sadéngah oewong, ija ora kena moetoesi bab prakara kaja kang kaseboet bab: 6, aksara: a, b sarta c.

5. Kang mèloe paprepatan kang ora kena karoengokaké, sadéngaha oewong, koedoe ngeker samoebarang kang dadi remboeg ing paprepatan maoe nganti pangeké-éré ikeo kasoewak déning Balé Agoeng.

Bab 9.

1. Balé Agoeng ora kena ngremboeng oetawa moetoesi sadéngaha bab, jèn tjatjahé warga loemrah kang mèloe paprepatan ora loewih saka saporoné.

2. Panemoené presidèn lan panemoené warga loemrah lija-lijané ikeo kaétoeng pada baé. Panemoené warga miroenggan moeng kaanggep minangka pamrajoga.

3. Kang kanggo wawaton poetoesané paprepatan Balé Agoeng, ikeo panemoené warga loemrah kang pétoengé loewih saka saporoné kang mèloe paprepatané, déné saopama ana dredahing panemoe, mangka kang dredah maoe pada kèhé, ikeo kang dadi watoné poetoesan panemoe kang diroedjoeki presidèn.

4. Jèn paprepatané Balé Ageng ngremboeg bab prakara ririgen mangka ana panemoengé salah sawidjining wargané, ikeo enggoné nglairaké panemoené, para warga koedoe didangoe sidji-sidji sarta panemoené bandjoer kalairaké sarana idjoan.

5. Jèn kang diremboeg kabener wong, ikeo panemoené para warga kamotaké ing lajang tingkeman kang ora ditandani tangan.

6. Pangremboegé ing saparepatané Balé Agoeng, ikeo kena nganggo temboeng Djawa, Walanda oetawa Malajoe, sakarepé kang doewé remboeg.

Bab 10.

1. Bapa Kangdjeng Toean Goepernoer ing Soerakarta, Pandjenenganingsoen, papatihingsoen, ija kena andjenengi paprepatané Balé Agoeng, déné jèn preloe bapa Kangdjeng Toean Goepernoer, Pandjenenganingsoen, sarta Papatih ingsoen ija pada ngoesoelaké ing saperloené.

2. Paprepatané Balé Agoeng oega kena diweroehi déning oetoesaningsoen, sarta jèn ana panemoengé oetoesaningsoen maoe ija koedoe dililani ngoesoelaké ing saperloené.

Bab 11.

1. Jèn ana perloené Balé Agoeng kena djaloek katrangan marang sadéngaha lijané kang dadi wargané, sarta kang kinjira bisa awèh katrangan kena didjaloek tekané ing paprepatané Balé Agoeng perloe awèh katrangané maoe.

Bab 12.

1. Saben mèloe paprepatan presidèn lan wargané Balé Agoeng kaparingan pitoewas sapisan sapisané pada . . . kèhé.

2. Wargané Balé Agoeng kang manggon ing sadjabané koeta Soerakarta, ikeo jèn séba ing paprepatané Balé Agoeng ija kaparingan waragad lakoe lan pamondoké.

3. Presidèné Balé Agoeng bakal kaparingan tjetjekelan doewit perloe kanggo mbajari pitoewas lan waragad kaja kang kaseboet ing doewoer maoe, ana ing saben teloe sasi wadjib anglakokaké pépétangané doewit tjetjekelané maoe.

Bab 13.

1. Balé Agoeng bakal ingsoen paringi kanti sékretaris sidji, djoeroe basa sidji lan babaoe kantor ing sapreloené, déné panggedéné Balé Agoeng oega kena saopama diwadjabani ngrangkep pagawéjané sékretaris.

2. Saben-saben Balé Agoeng paprepatan ikeo sékretaris lan djoeroe basané koedoe mèloe, éwa samono sékretaris lan djoeroe basa maoe pada ora kaleboe warga.

Bab 14.

Presidèn lan kantine Balé Agoeng kaja kang kaseboet bab 13 bakal kaparingan blandja oetawa toelage, déné kèh-setitiké Pandjenenganingsoen kang netepaké.

Bab 15.

Sadéngah lajang kang dikirimaké saka Balé Agoeng koedoe ditandani tangan déning presidèn lan sékretaris.

Bab 16.

Moenggoeh pranatan lan wawatoné toemindaking pagawéjané Balé Agoeng ikeo Pandjenenganingsoen kang netepaké.

Bab 17.

Toemrapping lajang pranataningsoen iki ingsoen tamtokaké ing tanggal

KADAMEL NDJANGKEPI.

Ing Sw. Tm. No. 46 ddo. 14-11-'30, koela maos oréanipoen sdr. Anggana, ingkang soeraosipoen kirang langkoeng ngandaraken bab bobrokipoen tijang gadah damel (meman-toe).

Noewoen sdr. kaparenga koela ndjangkepi boemboe sawatawis, moerih sageda njamling raosing masakan. Pandjenengan ngandikaken bab tijang memantoe (ning bobroké), koela samangké njaosi djodonipoen, i. p. si penjoembang (ning inggih bobrokipoen). Sampoem oemoemipoen ngagesang poenika kedah toeloeng-tinoeloeng, wengkoewi-nengkoewi, tjorok-tjnorok l. s. p. toh sedaja waoe namoeng moerih sentosa lan kasembadanana ing pandjangka, awawaton dladjad toewin kekijatan. Wontenipoen tijang soembang-sinoembang poenika jèn dipoentingali satlèraman ngaten pantjèn inggih saé, mratjihnani roekoenipoen, toer ngiras tata-pradja oetawi kabregasan; namoeng jèn dipoen-geget ingkang temenan, djeboel prakawis ingkang ndrawasi, lepat-lepat ndjalari kasangsaranipoen. Tjobi para maos, koela atoeri mirsa ngiwa-nengen, mangké rak wonten boektinipoen!!

Oep. A njoembang f 1.— dateng B, ladjeng?

A dados inggih pringisan.

B tampi soembangan f 1.— wasana?

B inggih kerisakan.

Risakipoen A: djalaran anggèné njoembang ing 1 dinten of ing ndalem 1 woelan terkadang total ing 1 taoen poenika boten namoeng til njoembang kaping sepisan, nanging terkadang ngantos njoembang kaping 25×3, mangka gèk dédé artanipoen pijambak (gampilipoen arta tékan); wasana dangoedangoe inggih dados karisakan. Bebasan sanadjan ing 1 dina moeng kapitoenan 1 ndil, éwadéné soewesoewé ija kelakon dadi kéré, makaten oegi kosok-wangsoelipoen B. oegi bobrok sabab? O, inggih, le-res B poenika tampi arta (pisoembang) saking kanan-kéring, nanging kawoeningana, woedjoeding arta of barang sanèsipoen waoe boten kok ladjeng kasimpèn, balik kanggé tje-kaping ropjan-ropjan ingkang zonder doegi-prajogi wekdal lan kawontenanipoen.

KABAR SAKING PAKEMPALAN.

P. P. K. D. AFD. SALAM LAN ÉWAH-ÉWAHAN PENGADJARAN.

Nalika 28 Nov. '30 sonten P. P. K. D. afd. Salam ngwontenaken parepatan wonten Standdaarschool. Tjatihing warga ingkang sami dateng nglegakaken.

Djam 4.30 parepatan kabikab. Sadèrèngipun kabikab sad. pangarsa nenangi raos katresnan dateng bangsa lan tanah woetah rah.

Rembag brantjangan éwah-éwahaning pangadjaran, ramé.

Poatoesaning rembag: P. P. K. D. afd. Salam notjogi dateng rantjangan éwah-éwahaning pangadjaran sok oegi tjatihing sekolahaning pérangan A nginggil kadamel 1/2-nipoen A pérangan ngandap lan sakedik-kedikipoen sami kalijan ingkang kangatos (tjatihing pamoeagan angka II lan sekolah sambetan lan standdaarschoolen).

Tjatihing pérangan inggil B sami tjatihing pérangan andap B, lan tjatihing schakelklas inggil sami pérangan nginggil B. Ing poendi wonten pérangan inggil B kedah wonten pérangan ngandap B lan wonten schakelklas. Katahipoen apes sami kalijan ingkang dipoengantos (H. I. S. lan Schakelschool).

Menggah sababipun tjoetjog dateng rantjangan éwah-éwahan wae makaten:

Woedjoeding éwah-éwahan afd. B, tjabang P. P. K. D. Salam gadah panimbang makaten: saking pérangan ngandap A klas III dateng B pérangan nginggil mawi ngantjik ing schakelklas roemijin 1 taon, dados doembegi tamat pérangan B nginggil dangoenoipen 5 taon, mangka schakelschool sapoenika dangoenoipen inggil semanten, angsal-angsalanipun sami kalijan tamat H. I. S. lan njatani-poen inggil makaten; boektinipen tamatan schakelschool inggil saged dateng H. I. K. klas I Mulo, voorklas Mulo enz. temtoe kémawon inggil boten sadaja, tamatan H. I. S. oegi makaten.

Mangka pérangan ngandap B wewah pérangan nginggil B = pérangan ngandap A + schakelklas + pérangan nginggil B = schakelschool djaman sapoenika oegi ateges sami H. I. S. tjara sapoenika.

Dados éwah-éwahan ing afd. B katimbang wontenipun schakelschool lan H. I. S. tjara sapoenika setali tiga oeang alijasami mawon namoeng kénging kawastanan nengenaken tjara schakelscholan.

Déné ingkang afd. A ingkang katingal éwah pamoeagan angka II lan standdaarschoolen ladjeng sami dados vervolschool; nanging vervolg ingkang sapoenika 2 taon kadadosaken 4 taon, dados ateges oegi wékdalipun mindak 2 taon. Indakan 2 taon poenika ingkang sampoen goematok angsal tambahan piwoelang basa Wlandi lan Babad. (Ing H. I. S. angsal woelang babad, mangka woelang angsal kadamel sami, kedjawi basa Wlandi).

Kedjawi poenika margi kaot wékdal 2 taon katimbang wontenipun vervolschool sapoenika, mila ladjeng noewoehaken pangadjieng-adjeng sagedipoen woelang natuurkennis dipoendjembaraken tebanipun, poenapa malih njowoen sageda ing A pérangan nginggil pikantok tambahan woelang élmoe tetanèn, veeteelt, élmoe dagang, wewahing kawroeh élmoe boemi l.s.p.

Kedjawi poenika kawontenaning parepatan kaseboet, ingkang pantes koela pèneti, inggil poenika; sesorahipoen sad. pangarsa bab hak-hak pakempalan lan parepatan toewin oesoelipun salah satoenggiling warga ingkang soepados P. P. K. D. afd. Salam ngadalaken réka-daja mbantoe P. P. K. D. Madijoen anggenipun ngedegaken schakelschool. Oesoel katampi kanti gambira.

Djam 8.30 parepatan katoetoe mawi padatan Katholiek.

H. TJITRA.

„BOEDI WANITA” ING BLITAR.

Noewoen-noewoen para sadèrèk wanita sadaja, pandjengan temtoe boten badé kekilapan oetawi boten badé njelaki, bilih djaman sapoenika djaman kemadjan. Prija toewin wanita sami ngetog ing karosan ngoepados sangoe soepados sampoen ngantos klelep leloemban ing aloening djaman. Para wanita sami boten poeroen kantoen amboedjeng djangkahing para prija; sakatahing reribed koemedah-kedah kasirnakaken.

Samanten oegi para prijantoe poetri ing Blitar inggil boten poeroen kantoen. Ing wékdal poenika sampoen saged ambabaraken pakempalan kanggé garwaning para prijantoe sampoen saged ambangoenaken satoenggiling paroekoenan ingkang saged dados pandam pangajoman saha pangoesèn kanggé warganipoen. Pakempalan wae ginantoengan nama „Boedi Wanita”.

Menggah antjasing oetawi toedjoening B. W. wae:

1. Warganipoen sageda sami sajeg saabi praja.
2. Ngoedi kagoenan toewin kasoestrasan sarana toelar-toemoelar.
3. Ngénggar-énggar pangalih ing kala mangsa (uitspanning).
4. Nindakaken sesawanganing paningal.
5. Toeloeng-tinoeloeng samangsa kasangsaran.

Nalika tanggal 4 woelan poenika para prijantoe sami nglempak ing kepatihan perloe pilihan Bestuur ing B. W. Poatoesaning rembag dawah kados ing ngandap poenika. Presidente: Mevr. Abdoelmaranap. (Patih). Secretarisse: „ Ismail Harjana (Ond). Penningmeest, „ Hardjasoenata id. Commiss. „ Soerojo (Secretaris Regentkantor” Soepadi (Landbouwleer.)

Koela ndèrèk bingah, déné „Boedi Wanita” ngwontenaken kursus handwerker toewin otjal-otjal. Panoentoening cursus wae Mevr. Soemantri (dokter) toewin Mevr. Abdoelmaranap. Woelan ngadjeng inggil badé wonten knip-lesan kanggé para warganipoen, katoentoen déning Mevr. Moekiman (President Landraad Blitar).

Moegi-moegi B. W. sageda dados pangajomaning para warga toewin ndjoendjoeng wanita Djawi, sajeg saéka praja, winengkoen ing soeka wirja, dinirgakna ingkang joeswa,

Rentjanipoen tjang gadah damel.

Papanipoen kirang sapantes inggil ladjeng kaglendeng.

Kasèp of kirang sapantes daharan ipoen oegi kaglendeng.

Boten grapjak manggihni tamoe-nipoen kalampah kaglendeng.

Pamoendjoengipoen boten patos saé inggil adakan kaglendeng.

Wasana taksih rijel panoenggilanipoen alangan-alangan wae.

Pakéwedipoen para tamoe.

Menganggé kirang tjantas inggil lekampah ka

Mila koela roemaos bikak tjaping

rinengga ing aroeming ganda, widadaa poenapa ingkang sinedya. Blitar 10-12-30.

Noewoen Mevr. Ismail Harjana.

P. G. H. B. tjab. Kendal.

Pembantoe kita Dib martosaken: P. G. H. B. tjab. Kendal kala tgl. 14 Decemb. 30 poenika ngawontenaken parepatan warga ingkang loear biasa, sarta njedahi para prijantoe Kdl. ingkang kamamah perloe, poenapa déné bestuuring pakempalan - pakempalan ing reg. Kendal, perloenipoen sami dipoentoeri ngrembag bab „herordeningsplan” ingkang ngrawoehi warga dalah tamoe kakoeng poetri boten kirang saking 150. Para tamoe ingkang koela anggep djempolan ing Kdl: Dr. R. Koesoemoedjana, Dr. R. M. Goembreg waga regentschapsraad, R. Soetrasman warga van het College geocommitteerden.

Wakil pakempalan: B. O. Weleri, M. D. P. P. B. B. P. P. P. V. A. K. L. I. B. Habi - Projo, Tanpa Nomo, Sedyo-Tomo, pers: Soeara Moehammadjah, Bahagia, Swara - Tama, Soeara Kaholiek, Nansing. Wakil pangreh pradja: Mantri politie Kotta, lan Patebon, lan mantri politie Gewestelijke rechercheur. Djam 9 parepatan kabikab ing pandjenenganipun pangarsa P. G. H. B. manoeet tata tjara vergadering. Pangrembagipun prakawis herordeningsplan tjeta djilètrèh, pitakènipitakènan kawangsoelan kanti marem. Wasana parepat mendet Motie kados ingkang kasebat ing ngandap:

Motie P. G. H. B. afd. Kendal.

Rapat anggota P. G. H. B. afd. Kendal jang loear biasa, pada tagl. 14 Decemb. 1930 diroemah Soos Habi - Projo Kendal, dikandoenggi anggota dan wadil perkoempoelan-perkoempoelan di regentschap Kendal jang diolemi. semoea jang hadir koerang lebih 150 orang.

M e n d e n g a r k a n :

pembijtaraan-pembijtaraan hal rentjana perobahan pengadjaran, jang dinamai herordeningsplan, jang dikemoekakan olén Padoeka Toean Schrieke Directeur O. en E. kepada Pemerintah.

M e m i b a n g :

a. bahwa perobahan onderwijs jang dimaksoedkan dalam herordeningsplan mengoewatirkan, kalau-kalau merintangki kemadjoean ra'iat Hindia Belanda.

b. bahwa penjerahan onderwijs kepada Locale Raden dalam waktoe ini, tidak akan madjoekan pengadjaran, bahkan sebaliknya.

c. bahwa dapat memperbaiki onderwijs, tidak dengan mengubah sifatnja sekolahan jang soedah ada.

M e m o e t o e s :

a. mengadjak semoea perhimpoean-perhimpoean di Hindia-Belanda beroesaha sekeras-kerasnja tentang menolak herordeningsplan.

b. menerangkan setoedjoenja dengan standpunt Verbondsbestuur P. G. H. B.

c. menjampaiakan motie kepada Verbonds bestuur P. G. H. B. dan pers.

Djam 12 sijang parepatan katoetoe kanti wilodjeng. Réhnè gijakipoen pakempalan ing dinten poenika wae njengaken sanget, wasana para ingkang sami lenggahan, dipoentoeri ndoemogèkaken saotawis, perloe midangetaken lezingipoen bendara Dr. R. Koesoemoedjana; bab panggoela-wentahipoen laré-laré wonten ing nggrja. Sesorah wae katampi kanti gambiraning manah, lan damel maremipoen para ngrawoehi. Wasana djam 12,30 parepatan bibaran kanti wilodjeng.

Rectificatie: Gandèng kalijan dinten liboerani-poen pandjenenganipoen sad. M. B. Hardjawardaja ing Moentilan, soos Habi-Projo Kendal, anggenipoen badé ringgitan boten éstoe dinten malem Minggoe 13/14 Decemb. poenika, namoeng kapindah malem Kemis 1 Januari 1931, ngiras taoen baroe.

OPENBARE VERGADERING P.G.H.B. POERWARDJA KLAMPOK 14-12-'30.

Poerwardja 15-12-'30.

I. Pakempalan manggèn wonten ing pamoeagan Wangsari ing Poerwardja (afd. en Rer. Banjoemas).

Inggang ngrawoehi watawis tjang 150 miwah wakil-wakil pakempalan toewin serak kabar.

a. Wakiling pakempalan-pakempalan: 1. Moehammadjah Poerbalingga. 2. Poesara Wandawa Boekatéja. 3. Moehammadjah Poerwardja. 4. K. A. S. Klampok. 5. P. P. H. Poerwardja. 6. P. P. K. D. Poerwardja. 7. Mardisantosa Poerwardja. 8. C. B. Marsch Poerwardja. b. Wakiling serak kabar. 1. Moehammadjah. 2. Darmakanda. 3. Bintang Timoer. 4. Sw. T. 5 Sw. K.

II. Inggang karembag: „Herordeningsplan v. h. Lager Onderwijs.

Pakempalan nimbang: 1 Bilih Herordeningsplan poenika boten badé njani pamoeagan andap. 2. Bilih dèrèng mangsanipoen, manawa pamoeagan anda kapasrahaken dateng Locale Raden, margi kawontenanipoen Locale Lichamen sapoenika-poenika dèrèng maremaken. Inggang makaten wae poenapa malah boten ngrindikaken kemadjaning Onderwijs? 3. Manoeet Herordeningsplan malah badé ngandapkan kemadjaning Onderwijs. 4. Pamoeagan kénging dipensaeni sarana sanès, boten soeah ngéwahi wontenipoen pamoeagan sapoenika.

III. Pakempalan damel poatoesan: 1. Boten moepakat dateng wontening Herordeningsplan wae. 2. Badé ngintoenaken pamanggih poenika dateng V. B., P. G. H. B. saha dateng serak-serak kabar. HARDJAPRANATA.

Pakempalan nimbang: 1 Bilih Herordeningsplan poenika boten badé njani pamoeagan andap. 2. Bilih dèrèng mangsanipoen, manawa pamoeagan anda kapasrahaken dateng Locale Raden, margi kawontenanipoen Locale Lichamen sapoenika-poenika dèrèng maremaken. Inggang makaten wae poenapa malah boten ngrindikaken kemadjaning Onderwijs? 3. Manoeet Herordeningsplan malah badé ngandapkan kemadjaning Onderwijs. 4. Pamoeagan kénging dipensaeni sarana sanès, boten soeah ngéwahi wontenipoen pamoeagan sapoenika.

III. Pakempalan damel poatoesan: 1. Boten moepakat dateng wontening Herordeningsplan wae. 2. Badé ngintoenaken pamanggih poenika dateng V. B., P. G. H. B. saha dateng serak-serak kabar. HARDJAPRANATA.

Pakempalan nimbang: 1 Bilih Herordeningsplan poenika boten badé njani pamoeagan andap. 2. Bilih dèrèng mangsanipoen, manawa pamoeagan anda kapasrahaken dateng Locale Raden, margi kawontenanipoen Locale Lichamen sapoenika-poenika dèrèng maremaken. Inggang makaten wae poenapa malah boten ngrindikaken kemadjaning Onderwijs? 3. Manoeet Herordeningsplan malah badé ngandapkan kemadjaning Onderwijs. 4. Pamoeagan kénging dipensaeni sarana sanès, boten soeah ngéwahi wontenipoen pamoeagan sapoenika.

III. Pakempalan damel poatoesan: 1. Boten moepakat dateng wontening Herordeningsplan wae. 2. Badé ngintoenaken pamanggih poenika dateng V. B., P. G. H. B. saha dateng serak-serak kabar. HARDJAPRANATA.

Pakempalan nimbang: 1 Bilih Herordeningsplan poenika boten badé njani pamoeagan andap. 2. Bilih dèrèng mangsanipoen, manawa pamoeagan anda kapasrahaken dateng Locale Raden, margi kawontenanipoen Locale Lichamen sapoenika-poenika dèrèng maremaken. Inggang makaten wae poenapa malah boten ngrindikaken kemadjaning Onderwijs? 3. Manoeet Herordeningsplan malah badé ngandapkan kemadjaning Onderwijs. 4. Pamoeagan kénging dipensaeni sarana sanès, boten soeah ngéwahi wontenipoen pamoeagan sapoenika.

III. Pakempalan damel poatoesan: 1. Boten moepakat dateng wontening Herordeningsplan wae. 2. Badé ngintoenaken pamanggih poenika dateng V. B., P. G. H. B. saha dateng serak-serak kabar. HARDJAPRANATA.

Njoembang kirang tjantas inggil kelampah ka

Wonten pasadaran boten ngombjoni kawontenan ngrikoe oep. (ndjogèd, main) inggil ka

Saja doemoegi ngrikoe boten njoembang, wah saminipoen? teroes mlebet ing notes. Tjang njoembang poenika sarana arta of barang, mangka boten kirang-kirang araling arta wae krana ngantosaken oetawi nglimalisi, adakanipoen sarembag kalijan lintah darat. mBara ta poenika para maos!!!

Mila koela roemaos bikak tjaping

Mila koela roemaos bikak tjaping

Mila koela roemaos bikak tjaping

Mila koela roemaos bikak tjaping

Mila koela roemaos bikak tjaping

sarta keplok-keplok, sareng mireng wartos, jèn ing Kalibawang saking ada-adanipoen A.W. sarodjoek para loerah lan tjarik, ladjeng saged ngedegaken pakempalan anama T. K. O. Toeloeng - Kaboetoehan - Oemoem). Nembè poenika moetoes oesoel, i.p. „ngilangi tjarané soembang sinoembang.” Hamila warganing T. K. O. inggil sami toemin-dak makaten; ning émanipoen dédé pkp. T. K. O. poenika boten kanggé oemoem (algemeen), liripoen, ingkang kénging dados warga namoeng Lr. doesoen of tjarik. Dados mentjaring aksi wae nama kedangon sanget; kedjawi, manawi Lr. doesoen wae ladjeng sami sesorah (ing wékdal kempalan selapanan) wonten kaloerahan. Hla jèn mekaten ladjeng nama T. K. O. mentjaraké aksiné metoe (barengi) dawoehing Pamaréntah, ning inggil Boten langkoeng atoeer koela: „Widadaa T. K. O.”!!!

Samangké koela ladjeng kèngetan, kados-poendi pangrembag (tangkepipoen) pkp. sanès-sanèsipoen inggatasé bab tjang gadah damel toewin soembang - sinoembang? Djer ing kalangan tékan sampoen wonten antinipoen, ing koekoeban „dagang laré éstri” oegi sampoen, l.s.s.

Poenapa boten patoet jèn Sb.-Sn. oegi dipoentanti?

Mila ing ngriki koela tjemantaka ngatoeri pepèngtet soemengkaa ing ngarsanipoen kadang - kadang sa-Indonesia. Jèn kagoengan karsa memantoe, sampoen ngantos kagem ageng-agengan, sepene ing oelem-oelem (ngoelemi). Manawi dipoenoemi (kaotoeran) kawawasa ingkang saéstoe manoeet perloe lan botenipoen, boten prajogi jèn ta kedah rawoeh njoembang, djer wonten ngrikoe asring wonten èmbèl-èmbèlipoen, i. p. boentoet babi. Engeta jèn samangké djaman malaise!!!

VAN LITH-STICHTING.

Jejasan énggal poenika sagedipoen madjeng goemantoeng dateng pandjenengan sadaja.

Penningmeester V. L. S. p/a 2e. Convict MOENTILAN N. I. S.

Wasana sadaja atoeer koela, njoemanggakaken.

Aksamanta noewoen O. SANDIKA.

Soesoelan saking Redaksi: Kados ing Sedajoe (Djokja) inggil sampoen wonten grengseng anti Sb.-Sn. Moegi saja nggreget lan nelara dateng poendi-poendi. Tjang gadah damel poenika pantjijipen rak kedah namoeng mawang dateng kekijatanipoen pijambak; boten kok ladjeng ndjagèkaken soembang. Hla jèn poen kantong oet. peti mentjep-mentjep, badé ageng-agengan, inggil soemangga. Nanging bakda damel sampoen ngantos doemawah ing katjangan sakedik-kedika, lo!! Ngoelem-oelemi saking pamanggih koela, inggil kénging; awit poenika rak tanda pamitiran lan tembajatan. Nanging mawi katjetakna: „boten mawi njoembang!” Jèn meksa wonten ingkang njoembang, soembang wae kawangsoelna! sampoen ngeman! jèn makaten mesti setidjab.

FILM „GOEGON TOEHON”

1. Pados arta — njebar goegon toehon.

Singadimoelja ing doesoem Madesa (o/d. Ngloewar) toembas watjoetsal maésa landong (djimat kasetjèn) dateng tjang bawah Poerwadadi (Semarang) pangaos f 3000. Sampoen kabajar f 600. Barang (djimat) dèrèng kénging dipoembekta. Poen S. badé ndjangkepi boten saged. Ladjeng naros dateng Resasentana (oegi ing o/d. Ngloewar — ingkang njamboeti arta f 600 dateng S.), pilih arta f 600 itjal; poenapa pilih njamboeti arta malih f 2400 kanggé ndjangkepi. Awit jèn saged ndjangkepi — ladjeng saged mbekta barang — lan barang wae sampoen wonten ingkang ngadjengi f 40 000 (kadji ing Soekaboemi). Jèn boten saged njangkepi, tjang Poerwadadi boten saged mangsoelaken arta f 600 ingkang sampoen katampi — dados poen S. inggil boten saged njaori.

Kilap bawanipoen ilat lemes, kilap kados-poendi, poen R. sagah ndjangkepi, ning semados.

Nanging begdja déné R. sapoenika mbalik — boten poeroen ndjangkepi. Oepami éstoe poeroen — temtoe badé getoen. Djer, wonten weloelang maésa landong poenapa poenika, koela wani nemtokaken „namoeng

satoenggiling réka”. Teges lan woe-djoed poenapa déné kasijatipoen namoeng nul blèkè!!

Samangké poen S. saweg bingoen pados baton. (batinipoen f 37 000 badé dipoendoem dateng sinten ingkang poeroen). Tjobi poen entosi!

Kabar poenika, saéstoe njebar — nggoegah — nglema goegon toehon 2. Gredoe — reclame goegon toehon.

Ing oeroetipoen margi ngadjeng peken Salam mengidoel — saping-giring lèpèn Krasak, wonten gredoe gedong-bregas-mapan (oegi reh o/d. Ngloewar) — kabari-poen begrooting ± f 160. Éman sanget déné boten naté dipoendjagi. Djalaran? Gendroewol, tosipoen.

a. Wontenipoen gredoe, poenika tegeisipoen sedija pajoeng sadoe-tegeisipoen oedan. Éwadéné sampoen sedija pajoeng — sampoen pajoengan meksa ketampon, nama boten kainan! Kosok-wangsoelipoen . . . nama kainan!

b. Nganggoeripoen gredoe, pitoena ingkang ageng, inggil poenika ndeder goegon toehon. Poenika temtoel, boten preloe koela doedoet malih.

Samanten kémawon sampoen tjekap kanggé madosi „pitoenanipoen gredoe-gedong-bregas-mapan, ning nganggoer.” Jèn sampoen soemerep pitoenanipoen, kedah pados pepoe-lih. Srana?? Hainggih boten dipoen-anggoeraken!

Panjerat njoengolaken prakawis kados mekaten, margi ngèmoeti bebajanipoen goegon toehon.

Arta mawoet (bobroking economie) — katah ingkang saking goegon toehon! (toembas djimat — haékal enz.). Tjang ngandat ing Malang kala Volkstelling poenika — inggil saking goegon toehon! Njingkoer dokter — margi kandel-ing imainipoen dateng goegon toehon! Njingkoer Goesti Allah — goegon toehon!! enz. enz.

Tjekak. Goegon toehon pranjata dados mengsahing kemadjaning — gelah-gelahing djagad — leleteking Indonesia!!

Kasinggihan welingipoen Patjar Mérah (Sw. Tm. no. 42): „ Mangga, sinten ingkang tinarboeka, ladjeng njepenga wadoeng, petèl, kanggé ambabadi „Wana goegon toehon” ing Indonesia!

Hormat. Gadjah Maddha.

dipoentingali, poenika wonten pèngnetan sakedik kanggé exporting tanah kita; ing taoen 1926.

Wedaling karèt = 32% ipoen karèt sadjagad.

- „ gendis = 8%
- „ kopi = 6%
- „ tèh = 17%
- „ kina = 89%
- „ klapa = 27%
- „ miritja = 71%
- „ kapoek = 79%

Menawi ngèneti angka - angka inggil poenika, ékonoming tn. kita poenika boten awon. Nanging kotjapa, poenika wae namoeng saéning economie-nipoen tn. kita, dédé economie-ning bangsa kita. Mergi sapérangan ageng sadaja wae ingkang nindakaken onderneming, sanès bangsa kita. Dados jatra wae sapérangan ageng inggil doemawah ing tanganan bangsa sanès. Soepados pandjenengan saged nanding sapinten pamedalipoen Onderneming lan septinen pamedalipoen tjang boemi, ingriki wonten pèngnetan sawatawis (boten koela serat sadaja — Ketjil). kanggé taoen:

1894 onderneming f 116000000 tjang boemi f 7000 000.

1925 onderneming f 625 000 000 tjang boemi f 101 000 000.

1926 onderneming f 541 000000 tjang boemi f 70 000 000.

1927 onderneming f 589 000 000 tjang boemi f 86 000 000.

lan sapitoeroetipoen. Dados saking tjang boemi namoeng sakedik sanget. Menawi kita ningali paos penggaotaning bangsa kita, poenika inggil dèrèng rampak katahipoen njamèni bangsa sanès. Poenika oegi mratandani bilih bangsa kita poenika mlarat-mlarat.

Katah bangsa sanès ingkang mestani bilih tn. kita poenika tanah sekétja, boten wonten tjang ingkang pedjah kaliren, pedjah winter lss. Sadaja wae njata. Nanging manawi dipoenpétang² bangsa kita poenika doemawah mlarat; 1/2 ipoen namoeng boten mlarat, 1/2 ipoen mlarat sanget. Bènten kalijan bangsa sanès, 1/2 mlarat, setengahing poengih. Dados tjekakipoen bangsa kita poenika mlarat, economie-nipoen awon. Mangka indaking bangsa kita poenika saja dangoe saja katah, poenika sampoen manoeet piwetjanipoen sardjana Maltus, poendi tanah ingkang economie-nipoen awon, indaking djawa saja nggegiris.

Poenapa sababipoen economie kita dèrèng madjeng?

Sebabipun warni-warni:

1e. kadereng kita dateng economie pantji kirang.

2e. kita poenika nggadahi watak nriman.

3e. Seserepan kita dateng economie (economische inzicht) pantji kirang.

Sebab 1e: Anggèn kita nggadahi gagasan economie poenika dèrèng dangoe. Ngantos sapriki economie poenika teksh katah ingkang boten poeroen meleng. Kados déné tjang gadah damel, ratjakipoen ingkang dipoenpeleng namoeng anggènipoen badé ramé-ramé, boten mikir anggènipoen badé kètalalan jatra. Tjang tjepeng damel, ingkang dipoen-peng gagahipoen, kaprijajènipoen, boten manah saéning wedaling arta oetawi bajaranipoen. Mandar katah tjang ingkang dipoenblandja sakedik inggil seneng, oegeripoen dados prijantoe — gagah. Poenika sadaja mratjihnani bilih economie mila boten dados idam - idaman kita ingkang oemoem.

Sebab 2e: Tjang nriman poenika inggil saé, nanging jèn gesang pijambakan. Sareng gesang kita poenika sesarengan kalijan bangsa sanès ingkang economie-nipoen moerka (mempeng), poenika kedadosanipoen temtoe badé namoeng kawon desek, boten oman. Wonten tjonto ingkang kanggé nedahaken nrimanipoen tjang Djawi i. p. ing Madoera. Pabrik sareng ing Madoera poenika badé ngindaki blandjanipoen koeli-koeli ing rikoe poenika, ragi godjag-gadjeg, mergi mangké menawi dipoenindaki koewatos jèn èndjingipoen boten loemebet; djalaran watekipoen, menawi angsal pamedal sakinten kénging kateda kalih dinten, èndjingipoen boten preloe njamboet damel. — nriman.

Sebab 3e: Sanèsipoen soedagar, tjang Djawi poenika awis-awis ingkang manah dateng economie. Soedagar Djawi alit-alit poenika seserepanipoen sampoen ngoengkoeli dateng tjang sanès-sanèsipoen, nanging inggil meksa dèrèng njamèni bangsa sanès. Oepami sampoen djembar seserepanipoen dateng dagang (economie), temtoe sampoen saged meling barang-barang (mori enz.) dateng pabrikipoen pijambak; nanging sapriki dèrèng wonten ingkang saged, sadaja teksh lantaran soedagar bangsa sanès. Kedjawi poenika tn. Djawi temtoe sampoen katah pakempalan dagang ageng-ageng; boten kados sapoenika, ratjakipoen namoeng katindakaken pijambak-pijambak, ingkang gampang pedjahipoen. KETJIL EX SEMARANG.

Kados-poendi ékonomi kita!

Inggang kalimrah kanggé ngoekoer kakijataning economie poenika: export (tjatihing barang ingkang medal). Sapoenika soemangga sami

Kados-poendi ékonomi kita!

Inggang kalimrah kanggé ngoekoer kakijataning economie poenika: export (tjatihing barang ingkang medal). Sapoenika soemangga sami

Kados-poendi ékonomi kita!

Inggang kalimrah kanggé ngoekoer kakijataning economie poenika: export (tjatihing barang ingkang medal). Sapoenika soemangga sami

Kados-poendi ékonomi kita!

Inggang kalimrah kanggé ngoekoer kakijataning economie poenika: export (tjatihing barang ingkang medal). Sapoenika soemangga sami

Kados-poendi ékonomi kita!

Inggang kalimrah kanggé ngoekoer kakijataning economie poenika: export (tjatihing barang ingkang medal). Sapoenika soemangga sami

Kados-poendi ékonomi kita!

Economie (II).

Minangka kanggé netepi pradjandjan koela (Sw. Tm. 49)! Moegi èngeta dateng temboeng koela roemijin: „sadjimpit.”!

Mangga sapoenika kaladjengaken bab pangrembag economie waoe.

Menggah wontening temboeng oetawi nama economie mekaten, kados sampoen kaprah kanggé wonten ing poendi-poendi. Kadosta: économie, economy, économie, économique l. s. p. Lha, poenapa ta economie poenika? — Manoeit sasomerer koela: economie poenika setoenggiling kawroeh, ingkang njakoe lan ngemot pasinaoning tijang ngoedi lan anggaota kanggé salah setoenggiling barang-barang kabetahanipoen tijang, toemrapping anggènipoen migoenakaken lan nandjakaken arta, soepados saged saé lan angsal kaentoengan. Oepami kémawon: tijang anggaota ingkang kanggé kabetahanipoen tijang, bab: penganggé, dandos an l.s.p. Wonten ing economie: patok-patokanipoen, tjara, kawroeh ingkang moeroegaken damel bati oetawi toena, tandjaning arta kanggé kabetahanipoen, sami kapratélakaken.

Nanging sapoenika kanggé oemoem lan kelantoeeripoen temboeng economie wonten ing tanah kita Indonesia ngriki kados-poendi? O, prakawis poenika taksih katah sanget ingkang sami klèntoè tampi, jèn witi jantjan oetawi mireng temboeng economie mekaten, ladjeng asemoe teges: a r t a, b a n d a oetawi kasoe-gihan.

Oetawi malih ladjeng asemoe teges: kawroeh pagemèn, bab anggènipoen nandjakaken pamedalipoen

ingkang kanggé kabetahanipoen.

Inkang poenika moegi kawoeningana! Prekawis mekaten wonten ing kawroeh economie, kados boten naté karembag. — Namoeng asring katerangaken, jèn wontening kawroeh economie dalah patok-patokanipoen poenika, pokok inggih namoeng margi ngèmoeti dateng kabetahanipoen tijang.

Noewoen!

Doemoegi semanten, keparenga koela ragi njumpang sekedik roemijin, njaosi atoe wawasan bab awon, saé, leres oetawi lepatning tindakipoen bangsa ingkang sampoen madjeng ing economie. Déné anggèn koela gadah sedyo matoer ingkang mekaten, gadah pemanah, bokmenawi bédjing-bédjing ngrikoe samangsa kita sampoen madjeng economie kita, wonten ginanipoen kénging kanggé tjepengan, sampoen ngantos kita kedjloengoe ing djoerangng banda, kasoe-gihan. — Djer donja — tjelakan banda — ngoedi kasoe-gihan — jèn kirang ngatos-atos lan kirang dedasaripoen gampil ndjomplang, — siti-pen banda. Mila pantjèn ndrawasi sanget. Rak inggih mekaten ta kangmas Andaja??

Menggah ingkang dados tindakipoen bangsa ingkang sampoen madjeng ing economie, anggènipoen nindakaken, kénging koela bédakaken dados tigang golongan ingkang ageng:

- 1. Golongan liberaal.
- 2. Golongan Katholik sociaal.
- 3. Golongan sociaal.

Sampoen semanten kémawon roemijin, minggoe ngadjeng temtoe badé pinanggih malih; kalijan gendoe ing P.

Pangèndredja.

Aksamanta
Percy Blakeney

oegi saking Mageiag.

Serat ingkang dateng t. R. v. Praag waoe, soeraosipoen angawon-awon Sri Maha Radja Poetri Wilhelmina, mawi tetemboengan sanget njerikaken. Sinten tijang ingkang gadah tata, manawi maos seras waoe, mesti andjeping kopoeingipoen, sarta gadah raos kepéngin nandangi ingkang njerat seras waoe wonten papan sepen.

Serat ingkang boten patoet waoe teroes kakintoenaken t. v. Praag dateng pangagenging kantor pos, soepados saged ngalang-alangi soembaripoen. Sasampoenipoen makaten, seras ladjeng katampékaken dateng pangagenging ing Ngajodja, sarta soepados boten adamel kiroehing paniti priksa, prakawis ing nginggil ladjeng boten kakoranaken.

Serat waoe tik-tikan. Soeraosipoen soeka pepenget kapoelitan dateng bangsa Walandi, mawi basa ingkang boten saged kawad sa-nadjan tijang ingkang sampoen nama awoning-awon pisan. Tijang ingkang njerat waoe tetela leletek soesoekering djagad pasrawoengan, toe. boten djangkep nalaripoen. Seras waoe anjeboetaken oegi namaning pakampalan kristen priboeimi kekalih, saha pakampalan Onderofficier bangsa Priboeimi.

Pikadjenjipoen sampoen mesti kémawon anjlelorèngi pakampalan-pakampalan kaseboet. Nanging pangangkah soepados tetijang sami ngandel bilih seras waoe saking pakampalan-pakampalan kaseboet, andjalari toewoehing panginten bilih ing ngriki tijang lelajanan kalijan tijang edan.

Koela ngadjeng-adjeng sanget, kados-poendi woesanipoen prakawis poenika.

Habi Praja Kendal.

Anggènipoen wajangan kaendoer doemoegi bédjing 3-4 Djanoeuari 1931.

Lotré ageng.

Pris f 50,— dawah nomer:

157374	27449	126282	187214
36887	52321	16867	169717
156310	16081	122333	183288
14165	161098	17697	171052
152163	129760	181436	140481
71209	43265	68855	185956
140245	193816	172799	196941
81555	6889	116273	193619
102437	175138	167685	84945
89072	10655	107372	85121
134419	131544	32554	12474
21581	31571	6328	21041
51166	155123	36110	88028
101671	159545	95564	177790
36453	65009	110535	101561
148907	199921	97433	100777
83373	18661	37500	97853
125548	147922	51508	23298
44586	189314	140305	92446
22364	27710	22783	35930
102258	195531	68209	133480
117670	37900	169608	62671
166231	33479	133370	160379
126150	148009	165383	159832
17333	38215	185746	16209
144196	171497	134647	115012
107017	106219	165776	157863
106987	133199	16458	42636
145228	80513	137087	89996
69649	15575	52816	194901
192313	16544	99790	111629
134003	191421	144095	174738
114887	183340	167528	17710
12720	141370	27471	180193
133477	157855	34594	173782
144791	139922	162280	134999
162859	113305	163428	183652
48338	60483	118890	63647
101143	55805	129761	60949
97598	81496	7522	152808
99732	165014	198896	149357
136812	100435	153106	48737
53633	172882	81640	159099
192956	99821	131003	99453
80063	8478	145488	156160
79335	21622	50719	43908
191181	11864	117733	158508
111976	73848	95205	119405
25706	93817	195794	24520
184906	13173	112354	8955

Tijang 41 pedjah, magi wisa.

Sawer pedjah wonten sop.

Ing Hindoe mentas wonten lalampahan anèh. Ing Erode College (Madras) mentas wonten student kawan dasa lan toekang mangsak pedjah, margi mentas neda sop.

Let gangsal menoeit sabakdapioen neda sop, tetijang waoe sami teroes pedjah. Sareng dipoentiti priksa ing kètel ingkang kanggé nggodok sop waoe djeboel isi sawer ingkang mandi sanget, sampoen pedjah.

Pasar Gambir 1931.

Pamirengipoen Aneta, Komite Pasar Gambir anetepaken ing taon 1931 meksa badé ngawontenaken Pasar Gambir, sanadjan wonten paneda saking golongan dagang, soepados boten ngawontenaken.

Pabrik glepoeng tela kobong.

Ing doesoen Lagadar, saantawisipoen Batoedjadjar kalijan Tjimahi, mentas wonten pabrik glepoeng tela kspa kobong, Kapitoenènipoen f. 11.000.

PITOELOENGAN DATENG TIJANG NGANGGOER.

Dajaning Malaise! Angatahaken tijang nganggoer!

Tijang nganggoer ing ngriki tegesipoen: tijang ingkang boten lepat boten poenapa kepeksa dipoenkèndeli saking pandamelanipoen margi dajaning pangiridan.

Tijang makaten poenika, mesakaken sanget. Pantes dipoenteloengi.

Vaderlandsehe Club! Pakempalanipoen para Walandi ingkang ningseti tatangsoeling Nederlandsch-Indonesia. Pakempalan poenika jasa „Nationaal Steun Comité.”

Manoet sirkoelèripoen, Nationaal Steun Comité waoe:

1. Nationaal Steun Comité badé mitoeloengi titijang ingkang boten lepat kepeksa dipoenkèndeli saking pandamelanipoen, margi dajaning malaise.
2. Badé neda pitoeloenganipoen sadaja pangageng, titijang lan pakempalan² ingkang poeroen njamboet damel toemoedjoe dateng prakawis waoe.
3. Tjalon neutral.
4. Soeka pitoeloengan dateng sadaja kawoela Nederland ingkang saged soeka katrangan bilih pantjèn ambetahaken pitoeloenganipoen komite poenika.
5. Anggènipoensoeka pitoeloengan tjalon:

- a. Njoekani pandamelan.
- b. Njoekani pitoeloengan arta (onderstand) sakedap oetawi dangoe.
- c. Njoekani pitoeloengan boten awoedjoe arta, oep. njamboeti grija tanpa paséwan oet. mawi paséwan sakedik.

Gandèng kalijan prakawis „njoekani pandamelan, babadan poenika badé lalawan kalijan para pangageng nagari, kantor-pakarjan gadahanipoen gemeente, pakempalan-pakempalan, partikelir lss. Dipoenitijari soepados goepermèn, gemeente, provincie, regentschap, angawontenaken pakarjan ingkang saged njoekani pandamelan kanggé titijang waoe. Lowongan-lowongan ing pakarjan nagari toewin partikelir saged² soepados dipoensoekakaken dateng kawoela Nederland kémawon.

Komite ing nginggil poenika, pikantoekipoen banda sarana:

- a. Kontribisi; arta pitoeloengan kabajar kropjok sapisan, saking tijang, pakempalan-pakempalan dagang toewin kaboeididajan.
- b. Pitoeloengan saking nagari. (subsidiè).
- c. Neda bagéjan lotré.

Dados ing ngriki, titijang ingkang dédè kawoela Nederland boten saged pikantoeke pitoeloengan saking babadan kaseboet. Malah sanget dipoenprajogèkaken para ambtenaar immigratie samia ngatos-atos anggènipoen nampèni lebetipoen sadaja kémawon ingkang nedyo dateng Indonesia. Dados sampoen dipoenanggé gampil doemèh saged ambajar prabéja f 100, oet. saged ngatingalaken pratanda dipoenpoerih manggèng ing grijaning sadèrèk oet. tepanganipoen ingkang gegrija ing Indonesia ngriki. Awit ingkang makaten poenika, boten amboektèkaken bilih tjalon pikantoeke pandamelan ingkang njekapi kanggé gesang.

Sateroesipoen inggih dipoenmanah poenapa boten prajogi angèntekaken para djadjaka ing Nederland, soepados boten tjari oentoeng dateng Indonesia roemijin, kadjawi manawi sampoen kantenan badé péntjokanipoen.

Makaten rantjanganipoen Steun Comité jasan V. C.

Panggegeting djaman malaise saèstoe saja keraos. Manawi kita boten toemoenten sedija pajoeng sadoerèng oedan, saèstoe badé gego-drès! Doerdjana badé saja katah, toer doerdjana waoe badé katah sanget ingkang kalebet golonganing tijang saged.

„Maatschappelijke tegenstellingen werken onlusten in de hand en

verlagen het moreele peil van rijk-en arm beide. Daarom is het de plicht van de overheid en het goede deel der burgerij om het leed van werkloozen en hunne gezinnen te verzachten.” — Makaten temboengipoen mr. P. M. J. Hamer, moeda pangarsa V. C. wonten ing sirkoelèr kaseboet nginggil. Tjara Djawinipoen kirang langkoeng:

„— Rekasaning maatschappij amarakaké onar, sarta anglorodaké daradjad kasoelané para wong miskin lan para soegih. Moelané panggedènging nagara lan wong-wong sing katjoekoean, doewé kawadajiban gedé amajaraké kasang-sarané para wong kang dilèrèni saka panggawéjan, dalah sabrajaté.

Nagari inggih manggali prakawis werkloozen. Mr. Vreede pangagenging kantor van Arbeid tinanggenah matitisaken rembag poenika. Sarta sampoen kalampahan andjadjah tanah Djawi.

Ing ngriki ladjeng wonten pitakènan: „Toemrap Paréntah, enggoné mitoeloengi kaoem werkloozen, bakal andisikaké sapa? Bangsa Walanda apa bangsa Indonesia? Tegesé: saoe-pama ana pagawéjan sing pantjèn bisa ditindakaké wong Indonésièr kanti betjik, pagawéjan maoe bakal diwènèhaké wong Landa apa Indonésièr?”

Ngèngeti bangsa Walandi pijambak katah ingkang nganggoer, petèk koela Paréntah katah èmpèripoen langkoeng roemijin amitoeloengi bangsanipoen pijambak!

Sanadjan kaseboetaken bilih Steun Comité jasan Vaderlandsche Club badé soeka pitoeloengan dateng sadaja kawoela Nederland, éwadéné sasat kénging kapastèkaken bilih pitoeloengan waoe ingkang langkoeng perloe inggih dateng golonganipoen pijambak roemijin.

Ing ngriki poenapa boten ladjeng katingal, perloe sanget bangsa Indonesia pijambak jasa pitoeloengan dateng bangsanipoen ingkang dados koerbaning malaise.

Ing sadèrèngipoen Vaderlandsche Club jasa Steun-Komite, ing kalangan Indonésièrs (ing Soerabaja) sampoen wonten „Barisanipoen Kaoem Anggoeran” oet. Werkloozen front. Manawi boten kalèntoe Werkloozen Front poenika waoe soeka igoeh pratikel dateng para ingkang dados koerbaning malaise sagedipoen pikantoeke pangasilan; gesang prasadja lss. Ènget koela, warga Werkloozen Front kawadajiban manganggé barès, sarta goendoelan plontos, lan bokmanawi inggih boten kénging oedoe poenapa. Nanging ing Bintang Timoer naté ngétiè pakempalan waoe dipoenwastani toewoeh saking akalipoen tijang pados pokil wonten salebetipoen djaman koeroe. Djer para warga ingkang pènget kaoem werkloos, kapeksa ngedalaken arta kanggé ngoeroeni wragad kèshipoen pangarsa dateng anoe, anoe, ingkang tjarijosipoen kanggé perloening kaoem nganggoer.

Panjaroewènipoen Bintang Timoer poenika pinanggih nalar poenapa boten, boten perloe koela rembag. Margi koela boten mangertos terang sarananing panjamboet damelipoen Werkloozen Front.

Éwadéné, kawontenan poenika andjalari saben tijang saged anetepaken: Ing kalangan Indonésièrs sampoen wonten widji nedyo soeka pitoeloengan dateng bangsa Indonésièrs ingkang dados koerbaning malaise.

Widji poenika, pangadjeng-adjeng koela soepados sami dipoenopakara ingkang saé-saé. Sageda anoe-koelaken wit pengang ambregad, kénging kanggé pangaoebanipoen para werkloos.

Déné rantjangan-rantjanganipoen, boten wonten awonipoen anelad gadahanipoen V. C.

Mangga sami dipoentandangil!

Kumuningsaselé 14 Dec. '30

Taklim: PATJAR MÉRÁH.

OERAP - SARI
(PETIKAN SAKING SERAT-SERAT KABAR SANÈS)

Kanggé Grédja Samaitan:

W. K. Moentilan f 10, —
Sadèrèk Tjébongan f 2, —
K. W. Ambarawa f 5,00 —
Matoer noewoen! Sinten malih?

Komite 25 Désèmber.

Ing Semarang.

Red. pikantoeke pawartos: Ing Semarang, madeg Komite kanggé ngriajakaken Wijosan Dalem Sang Kristus, ing dinten 25 Desember, sabakdanipoen andèrèk Mis Soetji djam 12 daloe wonten ing Grédja Randoesari, ladjeng ngawontenaken pepanggihan alal bahalal ing gedong pondokanipoen sadèrèk Djawi ingkang sami wonten ing Pastroeran Randoesari, kanti woengon ngebjar.

Rerum Novarum, 40 taoen.

Bédjing taon 1931 poenika, oemoeripoen Rerum Novarum, nawala dalem Kg. S. Bapa Leo, XIII, sampoen djangkep 40 taoen. Medalipoen Nawala waoe kala 1891.

Kanggé mèngeti dinten waoe, badé wonten pasoejarahan-internasionaal dateng Roem. Pakempalan-pakempalan Katoelik bagéjan sosial badé katah ingkang toemoet soedjarah.

Doemoegi titi-mangsa poenika, ingkang sampoen pratéla badé toemoet soedjarah, oetoesan-oetoesan saking: Amérika Lèr, sadaja nagari ing Amérika Kidoel, Parangakik, Sepanjol, Djerman, Bèlgi, Nederland, Inggris, Ierland toewin Honggari. Kinten-kinten badé wonten tijang 15.000.

Ngarsa dalem I. S. K. S. Bapa badé ngendojoe kaken Mis Soetji wonten Grédja St. Pieter, poenapadéné lenggah odènsi nampi sadaja ingkang soedjarah, wonten kadaton Damasoès.

Grija sakit Bara.

Pandjenenganipoen Moeder pangagenging Kasoesteran Moentilan, poenapadéné pandjenenganipoen Zr. Coleta ingkang djoemeneng vroedvrouw- ing hospitaal Moentilan, sami pindah saking Moentilan, dateng grija sakit Bara, tjelak Kalibawang, perloe makarja wonten grija sakit ngrikoe.

Tanggal 1 Djanoeuari poenika, grija sakit kaseboet wiwit ngopèni tijang sakit.

Konggrès kaoem Moeda Katoelik.

Ing Itali.

Kala woelan Oktober, ing Itali wonten konggrèsipoen para kaoem Moeda Katoelik. Oetoesan-oetoesan pakempalanipoen para Moeda Katoelik saking pinten-pinten propinsi, sami nglempak, langkoeng saking kalih atoes.

Wawakil saking prajagoenging Pasamoean Katoelik katah ingkang andjenengi.

Sadaja Kardinal saha para Biskop ing Itali ingkang katah-katah sami wakil oetoesan oetawi seras.

Rembag ingkang penting: „Pambijantoeipoen para Moeda Katoelik Itali dateng kaleksananing karsanipoen para K.S. Bapa, i. p.: „Angoendjoe kaken wangsoel Itali dateng Pangéran.”

Tilpoen dalem Kg. S. Bapa.

Ir. Pilade Leoni, ingkang mandègani panggarapipoen kantor tilpoen Vaticanan, kala Oktober ngendojoe kaken tilpoen emas dateng ngarsa dalem I. S. Kg. S. Bapa, minangka tandaning pangadji-adjinipoen internationale telefoon en telegraafmaatschappij ing New York. Tilpoen waoe saking emas, ingoekir-oekir slaka lan gading, mawi pepetan pasemonipoen rasoel 4, ingkang njerat Indjil, sarta tanda keprabon dalem Pius XI.

KABAR OEMOEM
INDONESIA.

Serat kartoeleos ambebajani.

Asli saking Magelang.

Java Bode njarijosaken: sadèrèngipoen koran Sipatahoenan dipoenkintoenaken sadaja lembaran, dipoenrampas poelisi Tasikmalaja, margi ngewrat kartoeleos tanpa téken ingkang dateng Mev. Soekarna, pinanganipoen saking Magelang. Isinipoen andjalari poelisi kedah toemandang kados ing nginggil.

Kemis sijang, wakil Pewarta Deli, hoofdredacteur Sipatahoenan, wakil Sin Po lan Keng Po sami kaoendang

dateng hoofdbureau poelisi, inggih margi prakawis kaseboet. Lembaran Keng Po lan Sin Po ingkang nge-wrat pawartos kaseboet, sarta sampoen kaladjeng kekintoenaken medal post, inggih kabeslah.

Serat kabar Walandi Mataram ing Ngajodja, gandèng kalijan pawartos ing nginggil, gadah panginten isinipoen seras waoe, bokmanawi sami kalijan seras ingkang katampi t. Ramakers van Praag hoofdredacteur Midden Java, (± 2 minggoe kapengker), ingkang pinanganipoen

WARA — WARA

Para lengganan ingkang dèrèng maringi arta lengganan, dipoenatoeri énggal ngintoenaken arta waoe.

Administratie Sw. Tm.

Oswia kadadosaken satoenggal. Loc. njarijosaken: departement Onderwijs badé andadosaken satoenggal Oswia Madioen kalijan Magelang. Papan bokmanawi wonten Magelang. Sebabipoen: kadjawi bezuiniging, inggih margi ngèngeti daja politik.

CORRESPONDENTIE.

Saking Redactie: Sampoen tampi karangan-karanganipoen S. ing Peng. Th. M. Patricius, Edan Sedyalantjag, Th. Matoer noewoen. Papan saweg keroepek! Sampoen dados penggalih!

ER
R
C
E
E
E

APOTHEKEN

Rathkamp
& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

:: AGENT ::
BOEAT SELOEROEH DJOKJAKARTA.

Speda - speda merk :

SIMPLEX Cycloide, S. koening, S. poetih dan SIMPLEX TRANSFER.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje dan Woestduin.
TOURIST: AA dan A.

Ada sedia djoega speda merk :

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONING.
Apalagi sedia djoega speda jang sedikit harganja, moela f 55.—, f 65.—, f 75.— dengan perkakasnja: klinting, pompa, lentera, dan tasch berisi perkakas koentji dan tempat minjak. Baroe terima per S. S. SLAMET dan JOH. DE WITT speda merk: ROVER Iperial, Continental, The Rover dan Metallicus.

Ada sedia djoega: Djas hoedjan, Kopper, Lentera Stormking, Almari besi dan tjat wenter.

PENDJOEALAN A CONTANT ATAU BOLEH DI ANGSOER.
Kalau maoe minta keterangan, akan dikirim keterangan dengan pertjoema.

Mengharap pesenan :

Rijwielhandel, Reparatie - inrichting dan Smederij:
WIRJOSOESANA

LODJI KETJIL 16 DJOKJAKARTA TELF. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang

moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran
Swara Tama

dapat POTONGAN.

BYTA

Inggih poenika barang tjowèr, pirantos kanggé
ngitjali tjèt, tir, pernis, plitoer, tindjanen lsp.
Oegi kénging kanggé ngresiki djobin marmer, djobin
semèn lan djobin tégel.Damel resiking barang girahan tanpa mawi dipoen-
koembah.

Sabèn 1 gendoel sarékanipoen nganggé f 0,35.

Mawi dipoenwadahi ing drum tosan sarta
mawi toetoeop sekroep, netto 125 K. G.,

ing 1 K. G. mipoen f 0,30.

Oeliran kanggé drum waoe sabèn 1 f 1.—

Verffabriek R. B. FRIELING.

GONDHOMANAN 80

DJOKJA.

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannja.ROTIE - ROTIE, KOEWEE - KOEWEE dan
BESCHUIT - BESCHUIT KERING.SROETOE - SROETOE dan ROKOK -
ROKOK, jang haloes dan kasar.Djoega slamanja djangan loepa minoene kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang spciaal die
giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tangoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedjiken dengan hormat
Toko DJOEN & Co.

TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.

Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;

Kereta dan korsi boeat anak - anak;

Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan

— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMEOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALI!

Kadjeng gadjel ril.

Saking Indonesia dateng Afrika
Kidoel.Deli Courant njarijosaken, bilih
paréntah Afrika Kidoel miterang
dateng departement Landbouw ing
ngriki, poenapa saged angintoeni
kadjeng gadjel ril 2.000.000 idji
ing dalem sataoen (reginipoen 7
miljoen).Saweg kamanah, panglonging
Langkat lan Langsa poenapa saged
minangkani paneda poenika waoe,
satoenggal - satoenggalipoen nging-
toenaken 1.000.000 idji ing sataoen.Pambektanipoen kadjeng gadjel
ril waoe tjalon medal Pangkalan
Soesoer lan Kwala Langsa, mawi
baita Afrika Kidoel ingkang momot
areng sela.Departement ngriki, kedah soeka
wangsoelan sadèrèngipoen 15 Pé-
broewari.Manawi kalampahan saestoe, na-
ma kaentoengan ageng kanggé
padagangan kadjeng ing Indonesia.

Redi Merapi moetawatosi.

Slasa éndjing minggoe kapengker,
manoet *Locomotief* redi Merapi
ngedalaken lahar énggal, lampah-
ipoen santer doemoegi pèpèrènging
lèpèn Blongkèng lan Senawa. Wana
pérangan nginggil pijambak, Slasa
waoe kobong. (*Dinten Kemis 18-
12-'30, angedalaken djawah awoe,
sarta saking Ngajodja sabèn-sabèn
kapireng soewanten goemaloedog
ngadjirih-adjirih.*—)

Malaise kalijan tetinggalan.

Doemoegi November poenika pa-
ngasilan gemeente Semarang saking
paos tetinggalan sampoen f 100.000.
Mangka kanggé taoen '30 paos
tetinggalan waoe karantjang: satoes
éwoe roepijah.Paos tetinggalan (ingkang Katak
saking sorot) taoen 1924: f 48.000;
1925: f 71.000; 1926: f 85.000; 1927:
f 79.000; 1928: f 92.000; 1929:
f 107.000.Pamedal paos tetinggalan taoen
1931 poenika karantjang f 95.000.Dados nitik angka - angka ing
nginggil, dajaning malaise boten
angedakaken tetijang anggènipoen
saba gedong gambar sorot. (*Loco-
motief*).

Inspèksi migoenani.

Burgemeester Soekaboemi, kalijan
dokter goepmèn, dirèktoer jajaan-
jajaan gemeente, lss., mentas pepriksa
papan-papan sawatawis ing koe-
koeban gemeente ngriki. Pabrik-
pabrik tahoe, tawkoah lan mi katah
ingkang dipoenpriksa lan ingkang
katah - katah sami reged. Inggang
gaduh dipoenjarjosoi poenapa-poe-
napa ingkang kedah dipoenwahi,
kanti dipoenwangeni, manawi sa-
lebetipoen samanten dinten boten
dipoenlampahi, pabrikipoen tjalon
katoetoeop.Oegi wonten hotèl ingkang di-
poenpriksa, tètela katah ingkang
kirang resik, langkoeng - langkoeng
soedjian toja boten njenengaken.
(A.I.D.)

Internaat Goepmèn.

Dirèktoer Onderwijs angedegaken
komisi kapatah njinaoe toentoenan
lan administratie internaat goepmèn.
Inggang dados warganing komisi
sapérangan ageng prajagoeng on-
derwijs. Pangarsa: C. Hartogh, in-
spèktoer middelbaar onderwijs.

Oetoesan dateng Lahore.

Doemoegi sapoenika soedjian pa-
sangan kanggé oetoesan wanita
Indonesia sampoen angsal f 2000.
Poenika ingkang f 500 saking Na-
tionaal Fonds.Kawartosaken bilih komité badé
neda dateng R. Adjeng Mariam
saderèkipoen poetri delèr Koesoema
Joeda, saha R. Ajoe Soeratin garwa-
nipoen Ir. Soeratin Ngajodjakarta
soepados karsa njarirani amakili
wanita Indonesia wonten konggrès
wanita ing Lahore.

Konggrès Indoesia Raja.

Mei 1931.

Béndjing Mei 1931, ing Djakarta
(Betawi) badé wonten konggrès In-
doesia Raja, i. p. konggrèsipoen
sadaja pakempalan politik ingkang
manoe nggil ing P.P.P.K.I. Inggang
dados pangarsaning komité konggrès
t. Hoesni Thamrin.

Rakjat.

Redaksi mentas tampi *Rakjat*
namaning organa Partai Rakjat
Indonesia inggih poenika parté po-
litik jasanipoen sadèrèk Tabrani
ing Djakarta.

Njadé oekoeran.

Pangageng IJkkantoor ngoendang-
aken: pirantos kanggé ngoekoer,
nimbang lan mbobot ingkang tanpa
pratanda palilah saking IJkkantoor
boten kénging kasadé.Nanging inggih wonten pirantos
makaten waoe ingkang kénging ka-
sadé boten soesah mawi tanda sa-
king IJkkantoor, i. p.: Oekoeran pan-
djang lan oekoeran isi (metrieke-
lengte lan inhoudsmaten; veerweeg-
werkhuizen (oep. zakveerbalans;
Family scales); timbangan serat ing-
kang paméraning timbangan katjara
metriek namoeng kanggé perloening
balé grija lan brajat oeger mawi
dipoensoekani tjap: „Bestemd voor
Huishoudelijk Gebruik; tida boleh
paké boeat dagaan.” Tjap (tanda)
poenika waoe kedah boten saged
itjal. Dados oekoeran kanggé ing
grija ingkang paméraning katjara
katosan oet. poen-Amsrerdam, boten
kénging kasadé.Hollandsch Inlandsch Onderwijs
Commissie.Kanti opisijil kawartosaken bilih
H. I. O. C. kabibaraken. Pangarsa
lan warganipoen sami pikantoeok te-
rima - kasih.

Bezuiniging ing kalangan Nagari.

Manoet tjarijosipoen *Het Nieuws*
dirèktoer Departement Financien t.C.
van den Busche sowan Inggang Wi-
tjaksana, perloe angrembag pangri-ridan ing salebeting Departement
Financien kanggé taoen 1931.Mitoeroet kawontenan sapoenika,
saged oegi tjoepeating begrooting ta-
oen 1931 badé langkoeng katah ti-
nimbang taoen poenika. Mila be-
grooting taoen 1931 saged oegi di-
poenlongi 70 oetawi 80 mlijoen roe-
pijah.Dirèktoer Onderwijs t. prof. dr.
B. J. O. Schrieké, oegi sowan In-
ggang Witjaksana perloe rerembagan
prakawis pangiridan ing kalangan
Departement Onderwijs kanggé ta-
oen 1931.

Kaboedidajan dipoentoetoeop.

Alg. Hdbld. ing Nederland njari-
josaken, kaboedidajan karèt gangsal
idji gadahanipoen bangsa Prasan
ing Tapanoeli dipoentoetoeop saleb-
tipoen kalih taoen.Poenika ateges saged njoeda pa-
medal kasil Indonésia sabèn taoen
1.800.000 kilo.

Perang Bezine malih.

Dèrèng dangoe pambantoenipoen
serat - serat kabar Inggris ing New
York martosaken bilih ing tanah
bang Wétan badé wonten perang
bènzin malih.Dèl Crt. mireng bilih paprangan
lisah bènzin ingkang tjalon toewoeh
poenika boten perangipoen Shell ka-
lijan Standard Oil kados ingkang
sampoen. Saged oegi ing ngriki badé
wonten maskapé bènzin nomer tiga
ingkang pados oentoeng wonten koe-
boeban Wétan.Manoet serat kabar waoe, perang
bènzin sawatawis woelan kapengker
dèrèng kasoemerepan tjeta sebab-
sebabipoen. Mangka ngedakaken re-
gi bènzin sanadjan namoeng saesèn
pisan poenika ateges pitoena ageng
toemrap maskapé bènzin,

Amotjot poenggawa.

Pawartos saking Médan njarijos-
aken, bilih ing Sumatra Caoutchouc
Plantage Mij wonten poenggawa
bangsa Éropah pitoe (ingkang tiga
administrateur) sami kapotjot.Kota Pinang Cultuur Mij gaduh
poenggawa bangsa koelit petak sa-
dasa, ingkang gangsal dipoenpotjot.

Sampoeng anggepok politik.

Soeloech Rajat Indonésia njarijos-
aken, ing Blitar wonten komité badé
ngatoeri pandjengnipoen dr.
K. Soetama lan Katamsi, wonten
parepatan oemoem tanggal 30. Nov.
1930, soepados sesorah bab vakbe-
wering, koperasi lan ékonomi.Resident Blitar, boten ngalang-
alangi vergadering waoe, waton:
1e. tanpa ngrembag politik; 2e. ing-
kang medar sesorah kedah namoeng
dr. Soetama lan t. Katamsi.Priyantoen ingkang badé kaatoeran
sosorah boten saged nampi djang-
gèlan poenika, mila parepatan oe-
moem kasandèkaken.Lelampahan ing nginggil poeni-
ka dipoensoewoenaken pirsu warga
Raad kawoela t. Soerasa dateng
Paréntah.

Goepnoer dados journalist.

Toewan J.E. Jasper tilas Goep-
noer Ngajodja sampoen dateng sa-
king nagari Walandi sarta ladjeng
dados Hoofdredacteur Java - Bode
ing Betawi.

MANTJA NEGARI.

TOERKI kalijan GRIEKEN-
LAND. Roekoer.Kala 30 Oktober. Toewan Veni-
zelos lan Michalakopoelos, premier
saha minister Buitenlandsche Zaken
ing Griekenland, sami nglempak
wonten Angora, kalijan prajagoeng
Toerki: Ismet Pasja lan Tewfik
Roetzji Bey, perloe nanda tangani
roekoeripoen tanah kekalih waoe.Wiwit taoen 1922, Toerki lan
Griekenland katingalipoen wonten
djagad opisijil kémawon, roekoer.
Nanging sadjatosipoen boten. Pra-
kawis ingkang sabèn-sabèn badé
noewoehaken daredah, i.p. linta-lin-
toenipoen bangsa Griek lan Toerki
wonten Asia Alit lan Tracié.Sareng Venizelos angewoasi
Griekenland, margi ihtjaripoen sang-
kalokèng rat Mussolini saha minist-
erteripoen Grandi, (ing Itali), ladjeng
noewoehaken sadjating karoekeo-
nan ing Angora poenika.Mussolini anggènipoen ihtjar wi-
wit April, 28, wonten Milaan. In-
ggang rembagan tijang tiga: Mus-
solini, saking Griek: Michalakopoelos,
saha Roetzji Bey. Nijatipoen Mus-
solini, badé ngetrapaken tetales a-
mengkoed bedamèn ingkang njakoep
nagari tiga - tiganipoen, kènginga
kanggé mranata kawontenan ing
Saganten Tengah iring Wétan.Tanggal 23 Sept. 1928 kelampahan
saged wonten pradjandjian mimitran-
ipoen Itali kalijan Griekenland. Poe-
nika dèrèngrampoeng.November taoen 1929, Venizelon
wonten Komer, mratélakaken boten
njondongi dateng grootscheepsch
militair saha maritiem program. Sarta
toemrap lalawanan kalijan Toerki, sa-
gèda ingkang leres, adil, djedjeg.Paréntah Toerki mangertos soe-
raosing katranganipoen Venizelos.
Griekenland sampoen boten melikdateng pasisir Asia Alit sarta Is-
tamboer. Wiwit poenika lalawanan-
ipoen nagari kalih waoe, dados saé.
Wasana kala Oktober poenika la-
djeng sami damel pradjandjian roe-
koer.

Soeraosing pradjandjian.

Soeraosing pradjandjian waoe:
pradja kekalih sami roekoer, mimi-
tran, netraal.Nagari Griek boten kénging toe-
moet - toemoet panindak - panindak
politik toewin ékonomi ingkang
nglawan nagari Toerki, semanten
oegi kosok - wangsoelipoen. Manawi
salah satoenggalipoen dipoenpoekoel
perang nagari sanès, nagari ingkang
boten kagebag perang kedah neu-
traal saestoe. Gèsehing rembagipoen
nagari Griek lan Toerki, kedah di-
poenrampoengi ing komisi-karoe-
koenan. Lan manawi preloe mawi
pradata-pamisah, samanten waoe
manawi prakawisipoen boten ngè-
nging hak kaloehoeraning nagari
(hoogheidsrechten). Pradjandjian
waoe kanggé 5 taoen laminipoen.
Lan tanpa dipoenpoenapak - poena-
pakaken wekdal waoe kaeloer 5
taoen malih (automatisch voor vijf jaar
verlengd), semanten waoe manawi
6 woelan sadèrèngipoen wekdal wa-
ngenan, pradjandjian boten kadjoe-
garaken.Ing pradjandjian mawi wonten
protocol, ingkang andjagi saéning
timbanganipoen kakijatanipoen na-
gari kalih waoe wonten ing laotan
(maritiem), kados sapoenika. Manawi
salah satoenggalipoen badé jasa
baita perang, nem woelan sadèrèng-
ipoen kedah soeka soemerep.Kadjawi saroejoekan prakawis
politik ing nginggil oegi wonten
karoekeonan babagan dagang. Toe-
mrap kepuloewan politik lan ékonomi
wonten Balkan lan Samodra Tengah
sisih Wétan, nagari kakalih waoe
badé njamboet damel sasarengan.Tètela sanget bilih Mussolini
ingkang andjalari wontening pradjan-
djian poenika. Mila boten anggoe-
moenaken, manawi pijambakipoen
pikantoeok panarimah ageng srana
tilgram saking Toerki toewin Grie-
kenland.Dados sapoenika, Samodra Tengah
djinagi ing nagari tiga, ingkang sami
bedamèn. Sarta oegi tètela bilih
daradjadiipoen Itali wonten Balkan lan
Levan, mindak ageng, dajanipoen
kijat.

R.I.P. ATOER OENINGA: R.I.P.

REDEMPTUS POERWA
POERWA ATMADJAROEMIJIN GOEROE
MARTÉSIIHLADJENG PINDAH
BALAPAN SOLOKALA 10 DECEMBER 1930 KA-
POENDOET INGGANG MAHA
KOEWASA.BÉLA PRIHATOS; MITRA
TOENGGIL SA-EKLAS:

A. S. WIDJASARAJA.

HET EERSTE KIND,
GENAAMD

DAMASIA SWANTARI

GEBOREN TE

POLAMAN SEDAJOE

Op 11 December 1930

C. Soekatmi } Santapra-
P. Wadjiman } tiknja.